

Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

10 Septanm 2020

Paran/Gadyen ak Fanmi yo:

Se avèk anpil plezi ke nou akeyi tout fanmi nou nan ane lekòl 2020 - 2021! Nou kontan anpil pou yon bonjan kolaborasyon kap pote bon rezilta pou kapab asire ke timoun nou yo rive jwenn kapasite pi wo nan edikasyon yo. Kòm bonjan zanmi, nou pral travay ansanm pou kreye yon edikasyon rich epi chaje ak valè pou elèv nou yo.

Ane lekòl 2020 – 2021 an ap kòmanse adistans **Vandredi, 11 Septanm 2020**. Klas yo pral fonksyone nan lè sa yo **8:20 a.m. jiska 12:39 p.m.** pou elèv ki nan klas Pre-K- 8 epi **7:30 a.m. jiska 12:22 p.m.** pou elèv ki nan klas 9-12.

Tanpri sonje ke elèv yo sipoze konekte sou òdinatè yo chak jou kòmanse 8:20 a.m. pou elèv ki nan klas Pre-K-8 epi 7:30 a.m. pou elèv ki nan klas 9-12. Y ap fè apèl chak jou nan kòmansman chak peryòd ansèyman. Elèv yo ap patisipe nan leson sou entènèt dirije pa profesè yo chak jou avèk sèvis konferans videyo.

Mwen kontan pou enfòmè ou ke chak lekòl ap fè yon Oryantasyon Rantre-Lekòl ki pral fèt adistans 11 Septanm 2020 de 8:30 a.m. jiska 12:30 p.m. Pandan tan sa, profesè pitit ou a ap ofri ou bonjan enfòmasyon sou nouvèl ane lekòl la ansanm ak yon opòtinite pou reponn nenpòt kesyon ou genyen. Tanpri gade anba a enstriksyon etap pa etap sou kòman ou ka jwenn aksè nan Microsoft TEAMS pou Pre-K-8 ak lekòl segondè respektivman.

K-8:

Ou ka jwenn aksè a oryantasyon an sou aprèy piti ou a lè w klike imaj **Microsoft TEAMS** epi klike sou imaj **Premye Jou Lekòl la**.


STEP 1: Click on Team icon on School issued device




STEP 2: Select First Day of School Orientation Icon



STEP 3: Click on *Join* icon




STEP 4: Click on *Join Now* icon




Lekòl Segondè:

Etap 1: Klike sou imaj Microsoft TEAMS nan aparèy lekòl la ba ou a



Etap 2: Chwazi klas Peryòd 1 (Tanpri refere a kalandriye Outlook pou yon envitasyon)

Etap 3: Klike sou imaj Antre Kounyè a



Etap 4: Repete aksyon an chak peryòd sou lè ki nan orè a

Nou kontan anpil pou rejwenn ansanm avèk ou 11 Septanm pandan nou kòmanse ansanm yon lòt ane siksè lekòl! Plan Re-Ouvri Ansanm nou an ap asire ke pitit ou a reyisi nan tout aspè nan lekòl, tou de akademikman e sosyalman.

Sensèman,



Olga Hugelmeier
Superintendent of School

